

Andoskopi pa Videyo Kapsil - Miralax/Dulcolax

Dat egzamen an: _____	Lè pou w rive: _____
-----------------------	----------------------

Egzamen an ap fèt nan: CHA Somerville GI Center
33 Tower Street Somerville, MA 02143
Kote ou dwe anrejistre w: GI Center

Si w gen kesyon oswa si w bezwen pale ak yon enfimyè: Rele nan **617-591-4453** soti lendi rive vandredi, 7:30 am- 4 pm

Pou chanje dat randevou w lan oswa pou anile li 72 èdtan (3 jou) alavans. Rele nan **617-591-4402**, soti lendi rive vandredi, 8 am – 4 pm

Andoskopi ak Kapsil: Konsènan pwosedi a

Doktè w la wè, nan kad evalyasyon medikal ou a, ou dwe fè yon egzamen yo rele Andoskopi pa Kapsil Videyo. Nan pwosedi sa a w ap vale yon ti kapsil (li menm gwose ak yon grenn vitamin) ki gen yon ti kamera. Kapsil sa a ap pase natirèlman nan sistèm dijestif ou pandan l ap pran foto entesten (trip) ou. Pandan 12 èdtan, w ap mete yon gwo sentiwon espesyal k ap pran imaj kamera a ap pran yo epi voye yo nan anrejistrè done ki nan sentiwon an. Anrejistrè done aap resevwa enfòmasyon yo epi estoke yo. Apre 12 èdtan, ou ka retire aparèy la epi ou lib pou w retounen nan rejim nòmal ou. Apre sa, yon gastwo antewològ ki resevwa fòmasyon espesyal ap revize imaj yo. Kapsil la ap jete, l ap pase natirèlman nan pòpou. Nan kèk ka ki pa rive fasil kote li pa soti natirèlman nan pòpou, li ka mande pou yo opere w pou yo ka retire li. Ou dwe bwè yon laksatif pou w ka netwaye entesten w. Pou gastwo antewològ ou a jwenn enfòmasyon ki gen plis presizyon posib nan egzamen sa a, ou dwe swiv enstriksyon sa yo.

Yo te voye medsin ou a nan: _____

1 Jou Anvan Tès la

- Prepare medsin nan: mele poud Miralax 238 grams la ak 64 ons Gatorade epi mete l nan frijidè.
- Pran 4 grenn Dulcolax a 1 PM
- Manje yon ti manje byen lejè, pa kite 4 PM pase pou pa fè sa.
- Lè w fin manje, kòmanse bwè yon vè (8 ons) medsin chak 30 minit jiskaske w fin bwè tout. Rete tou pre twalèt lè w kòmanse preparasyon an. **Li enpòtan pou w fin bwè tout medsin nan.** Sa ap vide trip ou pou w kapab fini tès la san pwoblèm.
- Ou dwe bwè **bwason klè jiska minwi.**

Likid ki klè	Likid ki pa klè
Dlo, Gatorade, Powerade oswa Pedialyte	Pa pran bwason ki koulè wouj oswa mòv
Kafe oswa te (pa mete ni lèt, ni krèm)	Pa pran alkòl
Bouyon ki klè	Pa pran ni lèt, ni krèm, okenn pwodui ki fèt ak lèt
Ginger ale oswa Sprite	Pa mete ni vèmèsèl, ni diri, ni legim nan soup la
Ji pòm	Pa pran ji ki gen moso fwi ladan l
Jell-o, palèt (krèm mayi)	Pa pran likid ou pa kapab wè atravè li

- Piga fimen 24 èdtan anvan Andoskopi ak Kapsil la.
- **Piga manje ni bwè anyen apre minwi.**
- **Ou ka pran medikaman ou abitye pran aswè yo ak yon ti gout dlo. Tanpri, swiv fich medikaman pou dyabèt (sik) la, si w ap pran medikaman pou dyabèt.**

JOU ANDOSKOPI PA KAPSIL LA

- **Nan maten jou tè s la, ou kapab pran lòt medikaman ou yo anvan 6 AM avèk sèlman yon ti gout dlo. Sa gen ladan konprime pou tansyon, konprime pou kriz epilepsi, pou kè, pou tiwoyid, elatriye.**
- **Pa pran konprime pou dyabèt. Si ou gen dyabèt, tanpri suiv enstriksyon preparasyon pou moun ki gen dyabèt yo.**
- Lè w rive nan GI Center nan lè yo di w pou w rive a, mete rad ki konfòtab, pa egzanp rad de pyès an koton.
- Lè w rive nan GI Center a, gen yon enfimye ki fòm espesyalman nan pran swen pasyan ki gen pwoblèm dijestif k ap resevwa ou. Enfimye a ap poze w kesyon sou medikaman w ap pran yo, istoryal medikal ou ak si w opere deja.
- Enfimye a oswa doktè a ap esplike w pwosedi a ankò epi l ap mande w pou siyen yon konsantman eklere. Pi gwo risk ki genyen nan entèvansyon an se pou kapsil la rete kole, si entesten ou ratresi, ou pa wè pwoblèm epi w santi w ap toufe apre w vfin vale kapsil la.
- Lè sa a y ap mete aparèy siveyans lan sou ou, y ap mande w vale kapsil ki gen ti kamera ladan li an.

Apre w fin vale kapsil la: Nan jou Kapsil la

- **Piga manje, ni bwè anyen pandan 3 èdtan, apre sa, kòmanse bwè dlo sèlman. Apre 6 èdtan ou ka kòmanse bwè bwason ki klè. Apre 12 èdtan, ou ka retire aparèy siveyans la epi retounen nan rejim nòmal ou.**

- Lè w fin vale kapsil la, ou ka rantre lakay ou epi reprann aktivite ou nòmalman, men ou dwe evite fè gwo aktivite fizik yo, sitou gwo aktivite k ap fè w transpire (swe) oswa k ap fè chòk sou ekipman an. Ou dwe eseye evite koube do w tou lè w gen aparèy la sou ou. Li preferab pou w wap bouje olye w fè jounen w ap dòmi paske mouvman yo ede w grenn nan pase.
- Kontakte GI Center ak/oswa chèche swen dijans touswit si w gen vant fè mal, kè plen oswa vomisman lè w fin vale kapsil la.
- Andoskopi pa kapsil la dire 12 èdtan. Piga debranche aparèy la ni pigas retire sentiwon an pandan peryòd sa a. Anrejistre a gen yon ti òdinatè ladan li, ou dwe trete li ak prekosyon. Evite fè mouvman vyolan epi fè chòk sou anrejistre a. Piga mouye anrejistre a.
- Apre w fin vale kapsil la e jiskaske li pase nan pòpou, ou pa dwe fè IRM, ni rete tou pre yon sous chan elektwomayetik ki pisan tankou yon estasyon radyo amatè.

**OU PA BEZWE RETOURNEN KAPSIL LA LÈ LI FIN SOTI NAN DÈYÈ W.
OU MÈT FLÒCH LI LÈ W FIN TWALET.**

RETOURNEN EKIPMAN AN NAN DEMEN NAN RESEPSYON GI LA ANT 7AM-11AM.